ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ЛЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№11 (21.669) ● 2010 гъэм щІышылэм (январым) и 26, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

Демократием и хабзэхэм йозэгъ

УФ-м и Къэрал Советым иджыблагъэ иригъэкІуэжІа зэІущІэм кІрикІуахэм я гугъу щищым, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент Къаноокъуэ Арсен кІыхпэщхьэхуэкІащ къэралым и политикэ лъабжьэм зегъэужьыныр зы махуэ лэжьыгъэу зэрыщымытыр, ар зэпымыууэ зэрегъэкІуэкІыпхъэр.

«ИДЖЫРЕЙ къэрал ухуэкІэр зэман пыухыкІам тещІыхьауэ щытащ икІи абы тхыдэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхухэр кІыдэкІуащ. Ауэ гъащІэм зиужь зэпытщи, жылагъуэм и щытыкІэр къэлыгтауэ мы Іуэхуми хэпльэжьыпхъэщ.

Мыхьэнэщхуэ иІэщ политикэ къару зэмылІэужьыгъуэхэм я лЫкІуэхэм Къэрал Советым и зэІущІэм кІыщыпсэльэну Іэмал зэраІам. Сэ кІыэзэрыслытэмкІэ, абы кІеГъэльгъуэ Іуэху еплыкІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыгъуазэ зыщІыпхъэу икІи дэтхэнэми тэмэмгъэшу хэльыр къэщтэн хуейуэ зэрыщытыр. Апхуэдэ бГъэдыхьэкІэр демократием и хабзэхэм йозэгъ. Си дежкІэ гуапэщ къэралым и президентымрэ премьер-министрымрэ щІыналъэхэм демократием и хабзэхэр щыгъэбыдэн хуейуэ кІыызэралытэр Къэбэрдей-Балькъэрым дэ щедгъэкІуэжьыгъэмрэ ди мурадхэмрэ зэрытехуэр», - жиІащ республикэм и унафэщІым.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуэщ1анІэ.

«Граждан Іуэхухэр тхьныкІэ органу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэхэм ятеухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 7 статьям зэхъуэкІыныгъэ хэльхьэным и Іуэхуэ кІэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Граждан Іуэхухэр тхьныкІэ органу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэхэм ятеухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 7 статьям зэхъуэкІыныгъэ хэльхьэным и Іуэхуэ кІэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж егъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егуэгъэ кІыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2009 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м
№237-ІІ-П

«Граждан Іуэхухэр тхьныкІэ органу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэхэм ятеухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 7 статьям зэхъуэкІыныгъэ хэльхьэным и Іуэхуэ кІэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым къыщытащ 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м

«Граждан Іуэхухэр тхьныкІэ органу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэхэм ятеухуауэ» 2003 гъэм жэпуэгъуэм и 29-м кІащта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №90-РЗ-м и 7 статьям и пункт 5-м къару имыІэжу къэльытэн.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм щІышылэм и 13-м
№1-РЗ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр КЪБР-м и Парламентым и Унэм 2010 гъэм щІышылэм и 29-м щекІуэкІынущ.

ЗэІущІэм щыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхуэщ1анІэ.

Республикэм законхэр къыдэзыгъэІ и органым и спикер Чеченов Ануар иригъэкІуэжІащ КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэр. Депутатхэр абы щыхэпльащ Іуэхугъуэ тІощІым нэблагъэм.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президентым УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэльэгъуа къалэн щхьэхуэхэр гъэзэщІэнымкІэ закон лъабжьэ зэтегъуэвэным хуэнэтІауэ Парламентым Законодательствэмрэ къэрал ухуэкІэмкІэ и комитетым игъэхьэзыращ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакіуэ комисэм и Іуэхуэкі» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм хэхьныгъэхэм ятеухуа и закон акт щхьэхуэзэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэным теухуауэ» КЪБР-м и законым и проектыр. Комитетым и унафэщІ **Іэщэ Заур** зэрыжиІамкІэ, мы документым къыщыгъэльэгъуащ хэхакІуэ зэгухьэныгъэу ямытха политикэ партхэм я лЫкІуэхэми КЪБР-м и ХэхакІуэ комисэм и лжьыгъэм хэтыну Іэмал зэраІэр. Апхуэдэу, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхьным и Іуэхуэкі» КЪБР-м и Законым хальхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр пхькІыну щытмэ, КЪБР-м и Парламентым сэыхэм я лЫкІуэхэр хагъэхьэфынущ хэхакІуэ зэгухьэныгъэхэм ящыщу зи спискэхэм папщІэ хэхьныгъэм къеКІуэлІахэм ящыщу процент 5-м щІигъуи Іэ щІаІэтахэм. Зыхуэфащэ комитетхэр елэжьыкрэ Іуэхуэ зэгъэшІылІа органхэр хэпльа нэужь, а законопроектыр КЪБР-м и Парламентым и зэІущІэм къыщыхалъхьэнущ.

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэным и Іуэхуэкі» законопроектыр Президиумым хэтхэм я пащхьэ кърильхьащ КЪБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщІ **Марьяш Ирин э**. А документым къеГъэув Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щрагъэкІуэкІ инвестицэ лжьыгъэр зэблэзыгъэкІ закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэн хуейуэ. Апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр хуэунэтІащ инвестицэ лжьыгъэзыгъэкІуэкІ псоми къэралым зэрызащІигъаькуэр егъэфІэкІуэным.

Ухуэныгъэмкі, псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкІ комитетым игъэхьэзыращ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІыналъэм щыІэ унэхэмрэ адрей ухуэныгъэхэмрэ тэмэму зехьэным икІи абыхэм я ІуплъапІэхэр зэрыщыту хьумэным и Іуэхуэкі» КЪБР-м и законым и проектыр. Комитетым и унафэщІ **Гриневич Валерий** жиІащ мы документым ипкъ иткІэ унэхэр зи мылькуу щытхэм, ахэр бэджэнду зыІыгъхэм, кьинэмыщІу къэзыгъэсэбэпхэм КЪБР-м и щІыналъэм хиубыдэу щыІэ унэхэмрэ хуэныгъэхэмрэ зехьэныкІэ, къэгъэщІэрэщІэжьныкІэ, абыхэм я щІыбхэр зыхуей хуэгъэзэныкІэ къаІэн пыухыкІахэр зэрыхуагъэувыр.

(КІуухур 2-нэ нап.).

● Щапхъэ

Къуэжьокъуэ Артур зэІущІэ иригъэкІуэкІ.

«Вестер»-р йофІакІуэ

Налшык къалэ дэт «Вестер» гипермаркетыр къызэрызэІуахрэ куэд мыщІами, и лэжьыгъэр хъарзынэу зэтеублауэ йокІуэкІ, абы и щыхьэтщ тыкуэным щІыхуэшхуэ зэрыщыпхьІр. Къэщтэнэ, ильэсыщІэ махуэхэми тыкуэным и лэжьакІэм арэзы къищІащ абы екІуалІэхар: Цыхуэжьхэр зыщІэупщІэ псори абдеж къыщагъуэтащ. Апхуэдэу фІагъ иІэу лэжьыгъэр къызэзыгъэпэщыр «Вестер»-м и унафэщІ Къуэжьокъуэ Артур.

- ЗИ ІЭЩІАГЪЭМ фІыуэ хэзыщІыкІ лэжьакІуэхэр умыІэмэ, Іуэхур ипэкІэ кІуэтэнукъым, - жеІэ Къуэжьокъуэм. - Абы къыхэкІыуи дэ ахэр дегугъуу къыхыдох, зыбгъэдэт ІэнатІэмкІэ дэтхэнэми жэуапыныгъэ ткІий зэрихьыр гурыдогъаІуэ. Апхуэдэу ахэр я ІэщІагъэкІэ зэхэхауэ Урысейм и къалэхэм щедгъэджащ, адэкІи зэпымыууэ я щІэныгъэм хэдгъэхъуэнущ. ЩІэж-щІэхьмурэ дызэхуэзэурэ ди лэжьыгъэр адэкІэ зэрыдубзыхунум, ар зэредгъэфІэкІуэнум догупсыс. Иджыпсту и щхьэр течауэ схужиІэнущ ди дежкІэ псори егугъуу я ІэнатІэм зэрыпэрытыр.

Абы къащыщымэщІауи, Къуэжьокъуэм и пщэ дэлъщ жэуапльныгъэшхуэ зыпылъ къалэн зыбжани. Ар Налшык къалэм щІыпІэ самоуправленэмкІэ и Советым и депутатщ, абы и комиссиитхум ящыщ зым - законхэм, щІым, тарифхэм ятеухуа Іуэхугъуэхэр зыгъэхьэзырым - и унафэщІщ, Къэбэрдей-Балькъэрым регбимкІэ и Федерацэм и Іэтащхьэпэ. А псом къадэкІуэу, Къуэжьокъуэ Артур жьыдэжру псапащІэ Іуэхухэми хэтщ.

ДОЛ Аминэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Мы махуэхэм ятын щІадзэ

КЪБР-м финансхэмкІэ и министр Бышэн Азрэт дыгъуасэ журналистхэм яІуащІащ. Пресс-конференцыр текІуэуэу щытащ. Бюджет Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм я улахуэр щІагъэгувэм и щхьэусыгъуэм.

БЫШЭН АЗРЭТ зэрыжиІамкІэ, ар къыхэкІащ Іуэхущ1апІэхэмрэ Финансхэмкіэ министерствэмрэ тхыльхэр электроннэ Іэмалым тету зэІэпахыным зэрыхуэкІуам. НэгъуэщІ щхьэусыгъуэ иІэкъым.

- Бюджет Іэнатіэхэм мазэ къэс яхуэхтх улахуэу яхуэдУтІыпщ сом мелуан 600-м щІигъуи и зэхуэдитыным нэблагъэр я счетхэм дгъэкІуащ, - къигъэльэгъуащ къэпсальэм. - Бюджетым и мылъку зыхухэх Іэнатіэ псоми я унафэщІхэмрэ бухгалтер нэхъыщхьэхэмрэ электроннэ Іэмалым тету я Іэхэр щІэдзынырь къыззрагъэпэщын хуеящ. Ар яхуэзэкІэльымыгъакІуэурэ нобэм къэсащ.

Финансхэмкіэ министрым кьыззрыхиГъэщамкІэ, Мэзкуу бюджет-финанс технологиемкІэ щІыІэ фирмэм и лЫкІуэхэм ди Іэщ1агъэлІхэр а Іуэхуэм хуагъэхьэзыр, ирагъаджэ. Бюджет Іэнатіэхэм я лэжьакІуэ псоми улахуэр мыгувэу яІэрыхьэнущ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Анэхэм хухаха ахъшэр къагъэсэбэп

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и къудамэу Къэрэшей-Шэрджэсым щыІэм и лэжьакІуэ Шаганов Аннэ зэрыжиІамкІэ, унагъуи 150-м псэупІэ къращэхун е яухуэн щхьэкІэ банкым кьыІахьа щІыхуэхэр анэхэм хухаха ахъшэхэмкІэ япшынэжащ.*

ИЛЪЭСЫМ кьриубыдэу апхуэдэу сом мелуан 45-рэ кредит щІыхуэм пагъэкІуащ. 2010 гъэм унагъуэхэм я сабий етІуанэм, ещанэм я ныбжьыр ильэсищым щІигъуамэ, я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуэн, сабийхэр ирагъаджэн, анэм и пенсэ ахъшэу хуагъэгтІылъым халъхьэн папщІэ а мылъкур къагъэсэбэп хъунущ.

Мазаем и 1-м щегъэжьауэ

АДЫГЕЙ. *«ГъащІэ узынщэ» федеральнэ программэм ипкъ иткІэ, Мейкъуапэ къала Узынщагъэм и унэ къыщызэІуахынущ.*

- ПРОГРАММЭМ ипкъ иткІэ, Узынщагъэм и унэр иджыредэ медицинэ Іэмэпсымэхэмкіэ къызэдгъэпэщын папщІэ сом зы мелуан иджыблагъэ къытІэрыхьащ. Ди мурадхэр къыдэхъуІэмэ, мазаем и 1-м щегъэжьауэ щІыхуэхэр къедгъэблагъэнэщ. Узынщагъэм и унэр республикэм щыяпэщ, къэкІуэнум апхуэдэ сымаджэщхэр республикэм и нэгъуэщІ районхэми къыщызэІутхыну ди гугъэщ, - щыжаІащ Адыгейм Узынщагъэр хьумэныкІэ и министерствэм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Шэрэдж куей

Дэтхэнэ хуэмыщІа ми зыщІагъакъуэ

Унагъуэ нэхъ хуэмыщІахэм, щІыху щхьэхуэхэм ядэІэпыкъуным 2009 гъэм Шэрэдж муниципальнэ районым сом мин 685-рэ щытрагъэкІуэдащ. Абы щыщу сом мин 469-р сабийхэмрэ нэхъыжьхэмрэ защІэгъэжьауэ хуэунэтІауэ ирагъэкІуэкІа щэхуэ щІыхьэхуэхэм къыщалэжьащ.

ЗЭХУАХЬЭСА ахъшэм щыщу сом мин зырыз гъэсэ хьабар къызэритамкІэ, а къэралым лэжьаІэнщэу щыпсэум я бжыгъэр щІыху мин 200-м нэсащ.

Нэгъабэ абы иджыри щІыху мин 20 кьаэхъуэну экспертхэр гъэпльат, ауэ лэжьыгъэ ІэнатІэу нэхъыбэ зиІэ предприятэм щІыху минитІ фІэкІа ІуимыгъэкІыу зихъумэфри, Іуэхур емыкІакІуэу кьыззтенат. ЩІыху мелуани 5,5-рэ щыпсэу Къыргызстаным и дежкІэ а бжыгъэхэр егъэлеяуэ щынагъуэкъым. ЗэхуащІыным нэса ІэнатІэ мин 60 хуэдиз нэгъабэ абы и экономикэм хуэхъумащ.

♦Таможенникым и дунейпсо махуэщ
♦Индие Республикэм и льэпкъ гуфІэгъуэщ- 1950 гъэм, ильэс 200-кІэ Инджылызым и колониеу щытауэ, къэрал щхьэхуэ хьужащ.
♦Илъэсищ1 и пэкІэ лэжьэн щІидзащ Урысейм и Белоруссиемрэ я къэралгъуэ Зэгуэтым теухуа зэгурыІуэныгъэм.
♦Шри-Ланкэ президент щыхахынущ.
♦1786 гъэм Къэбэрдей-Балькъэм и Екатеринодрадскэ станицэм, пащтыхь гуащэ Екатеринэ II и унафэкІэ къыщыщІэухащ Кавказым и унафэ щІыпІэ.
♦1944 гъэм Аруан куейр къызэрагъэпэщащ.

♦Щыгъуэ къыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 28-м, къуэхьжынущ сыхьэт 17-рэ дакъикъи 9-м.
♦Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 41-рэ.

ПІуныгъэр лыгъэхьэлыдыр **ГЪУЩІО Зарифи.**

Лъэпкъ Іущигъэ:

Уи пыІэкІэ къудауэми хабзэ хуэщІэ.

● Дзэлыкъуэ куей

Дзэпыкъуэгъу яхуохъу

Дзэлыкъуэ районым щыпсэухэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ щагъуэт центрым мы илъэсым дызэрытехьэрэ я узынщагъэр щрагъэфІэкІуэжащ щІыху 218-м. 2002 гъэм къызІуаха центрыр абы лъандэрэ дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуащ зи ныбжьыр хэкІуэта щІыху 1456-м.

АБЫХЭМ яхэтщ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр, ныкъуэдыкъуэхэр, политикэ репрессиехэм я зэран зэкІаехэр.

Центрым и унафэщІ Мэрэзэнкъуэ Ларисэ зэрыжиІамкІэ, щІыхуэр махуэ 24-кІэ здэщыІэ, зыщагъэхъуж, зыщагъэпсэху къудамэм и палатэхэм щІыху 18 щІохуэ. Ахэр сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщащ. ЦІыхухэр шхын хэпльыхьакІэ махуэм 4 ягъашхэ, КЪБР-м Лжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм тыгъэ къахуищІа клинико-диагностикэ лабораторэм и фІыгъэкІэ я узынщагъэр зыхуэдэр нэсу къэпщыта мэхъу.

Апхуэдэу зи узынщагъэр езыгъэфІэкІуэжхэм нэгуэзыужь пшыхьэхэр кьыхэзэрагъэпэщ. Абыхэм щІэхьщІэхьыгъэ къахуоблагъэ районым и творческэ группхэр. Центрым и лэжьакІуэхэм зэхашэ зэпеуэхэми жыджэру я зэфІэкІ щагъэлъагъуэ.

Центрым иІэщ унэм кІуэурэ щІыхухэм дэІэпыкъуэгъу яхуэхъу ящІыжу къудамэ. Абы социальнэ лэжьакІуэу 43-рэ щІыщІи, псори я къалэным фІы дыдэу полъщ, я нэІэ щІыху 211-рэ щІэтщи, дэтхэнэри нэгъэсауэ зыхуэхэ хуагъаззу я ІэнатІэр ирахьэкІ.

ПЩЫНУЭ Эммэ.

Лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр зэфІагъэкІ

● КъэхъукъащІэхэр

Урысейм и МЧС-м и щІыналъэ къудамэм и пресс-Іуэхуэщ1апІэм къызэрыщыджаІамкІэ, уэсышхуэ къызэресам, щІыІэ къызэрыхъуэм, тхьэ кІапсэхэм сытхъу зэрыгрищІам, апхуэдэу жьыг къудамэхэм зэрызэпачам къыхэкІыну, иужьрей махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыпІэ куэдым электрокъарур щыІуамычу хьуакъым.

КЪЫЗЭРЫМЫКІУЭ щытыкІэ щхьэмыгъэхъунымкІэ, абы и лЪъэужьхэр гъэкІуэдыжьынымкІэ, мафІэс щынагъэншагъэр къызэгъэпэщынымкІэ комиссэм и унафэкІэ Дзэлыкъуэ, Шэрджэс, Бахъсэн, Аруан муниципальнэ районхэм, Бахъсэн, Налшык округхэм щІышылэм и 22-м щытыкІэ хэха щагъэуваущ. Республикэмрэ куейхэмрэ кьыщызэрагъэпэщащ кьызэрымыкІуэ щытыкІэм зэрыпэщІэтыну щІыкІэр зэзыгъэІу, псынщІэу унафэ зыщІ штабхэр. Урысейм и МЧС-м КЪБР-м щиІэ Управленэ нэхъыщ-хьэм и Іуэхущ1апІэхэр, «Кавказ Ищхьэрэм и МРСК» ОАО-м и щІыналъэ къудамэм, Налшык и электросетхэм, «Къалэзеленхоз»-м, «ГъэІуэгу-эксплуатацэ предприятэ-166»-м я Іуп хэхэхэр жэщ-махуэ ямыІэу лэжьащ. КъызэрымыкІуэ щытыкІэм и лЪъэужьхэр гъэкІуэдыжьыным и Іуэхум щыхьэ 550-м нэблагъэ хэтащ, техникэ зэмылІэужьыгъуэу 100-м щІигъу къыщагъэсэбэпащ. Тхьэ кІапсэхэр укъуэдиижьыным, псымрэ хуабэмрэ щІыхухэм етыжьным пыщІа лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр щІышылэм и 23 махуэм и кІэм зэфІагъэкІащ.

ХЬЭЖЬКЪАРЭ Алик.



● Къаугъэр ягъэзэкІуэж

Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий Соч э щыІущІащ Азербайджаным и Президент Алиев Елхамр Армением и Президент Сарксян Серж р э.

Ахэр тепсэлъыхьащ Нагорнэ-Карабахым кьаугъэр гъэзэкІуэжа зэрыхьуну щІыкІэм. Къэралищым я унафэщІхэр а Іуэхум теухуауэ иджы етхуанэу зэІуущІэ.

Фигу кьэзгъэкІыжьнщи, 2008 гъэм щэкІуэгъуэм и 2-м Мэзкуу Іэ щыщІадзат кьаугъэр гъэзэкІуэжьным и Іуэхухэр зыубзыху Лондрацэм. Ильэс 15-м кьриубыдэу ар япэу Іэ зыщІадза щыхьэт тхьылъ.

Мыхьэнэшхуэ хуащІ

Минск щыІэІущІащ Белоруссиемрэ Туркменистанымрэ я президентхэр.

Ахэр зэгурыІуэнущ къэралитІым я сату-экономикэ зэхуэдитыкІэхэм зегъэужьыным пыщІа Іуэхухэм-кІэ. Мы зэІущІэм къэралитІми мыхьэнэщхуэ ират, сыту жьпІэмэ, щІэныгъэм, авиацэм, туризмэм, спортым ехьэлІауэ зэрызэдлажьэм зрагъэужьыну я мурадщ. А Іуэхухэр нэгъабэ и мэкъуауэгъуэм убзыхуи щІадзат, Белоруссием и президентыр Туркменистанымрэ щыкІуам. Абы щыгъуэщ зэрызэдэлэжьэну Іуэхуэхэм щыщу нэхъыщхьэхэр кьыщыхахари.

ІэнатІэншэхэр ягъэмащІэ

Кьыргъызстаным лэжьыгъэмрэ ІэпхъуэщхьэхэмкІэ и министерствэм дыгъуасэ ящІыжу зи спискэхэм ящыщ процент 5-м щІигъуи Іэ щІаІэтахэм. Зыхуэфащэ комитетхэр елэжьыкрэ Іуэхуэ зэгъэшІылІа органхэр хэпльа нэужь, а законопроектыр КЪБР-м и Парламентым и зэІущІэм кьыщыхалъхьэнущ.

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэным и Іуэхуэкі» законопроектыр Президиумым хэтхэм я пащхьэ кърильхьащ КЪБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщІ **Марьяш Ирин э**. А документым къеГъэув Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щрагъэкІуэкІ инвестицэ лжьыгъэзыгъэкІ закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэн хуейуэ. Апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр хуэунэтІащ инвестицэ лжьыгъэзыгъэкІуэкІ псоми къэралым зэрызащІигъаькуэр егъэфІэкІуэным.

Ухуэныгъэмкі, псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкІ комитетым игъэхьэзыращ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІыналъэм щыІэ унэхэмрэ адрей ухуэныгъэхэмрэ тэмэму зехьэным икІи абыхэм я ІуплъапІэхэр зэрыщыту хьумэным и Іуэхуэкі» КЪБР-м и законым и проектыр. Комитетым и унафэщІ **Гриневич Валерий** жиІащ мы документым ипкъ иткІэ унэхэр зи мылькуу щытхэм, ахэр бэджэнду зыІыгъхэм, кьинэмыщІу къэзыгъэсэбэпхэм КЪБР-м и щІыналъэм хиубыдэу щыІэ унэхэмрэ хуэныгъэхэмрэ зехьэныкІэ, къэгъэщІэрэщІэжьныкІэ, абыхэм я щІыбхэр зыхуей хуэгъэзэныкІэ къаІэн пыухыкІахэр зэрыхуагъэувыр.

(КІуухур 2-нэ нап.).

● Шэрджэс Іуэхущ1апІэ

Мы щІыпІэм щыщ

Мазаем и 1-м щегъэжьауэ Шэрджэс Іуэхущ1апІэхэм я Интернет-сайтым щыІэ Іуэхуэ ящІыжу зи спискэхэм ящыщ процент 5-м щІигъуи Іэ щІаІэтахэм. Зыхуэфащэ комитетхэр елэжьыкрэ Іуэхуэ зэгъэшІылІа органхэр хэпльа нэужь, а законопроектыр КЪБР-м и Парламентым и зэІущІэм кьыщыхалъхьэнущ.

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэным и Іуэхуэкі» законопроектыр Президиумым хэтхэм я пащхьэ кърильхьащ КЪБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщІ **Марьяш Ирин э**. А документым къеГъэув Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щрагъэкІуэкІ инвестицэ лжьыгъэзыгъэкІ закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэн хуейуэ. Апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр хуэунэтІащ инвестицэ лжьыгъэзыгъэкІуэкІ псоми къэралым зэрызащІигъаькуэр егъэфІэкІуэным.

Ухуэныгъэмкі, псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкІ комитетым игъэхьэзыращ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІыналъэм щыІэ унэхэмрэ адрей ухуэныгъэхэмрэ тэмэму зехьэным икІи абыхэм я ІуплъапІэхэр зэрыщыту хьумэным и Іуэхуэкі» КЪБР-м и законым и проектыр. Комитетым и унафэщІ **Гриневич Валерий** жиІащ мы документым ипкъ иткІэ унэхэр зи мылькуу щытхэм, ахэр бэджэнду зыІыгъхэм, кьинэмыщІу къэзыгъэсэбэпхэм КЪБР-м и щІыналъэм хиубыдэу щыІэ унэхэмрэ хуэныгъэхэмрэ зехьэныкІэ, къэгъэщІэрэщІэжьныкІэ, абыхэм я щІыбхэр зыхуей хуэгъэзэныкІэ къаІэн пыухыкІахэр зэрыхуагъэувыр.

(КІуухур 2-нэ нап.).

Къэралым и тхьамадэм къигъэуву къалэнхэр гъэзэщIэнымкIэ лъабжьэ

(КIэухым. ПщIыбзэр 1-нэ нап.)

Аграрнэ политикэмрэ щIы IуэхухэмкIэрэ комитетым и унафэщI Лыхьэту Хьэжмурид зэIуцIэм кьыщыщIысальэм кьигъэльэгъуад федеральнэ законодательствэм иужь зэманым халъхьа зэхьуэкIыныгъэхэм тетI «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIы кодексымрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIы кодексым зэхьуэкIыныгъэхэр хэлъхьэныным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къоным и 2 статьямрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектыр зэрагъэхьэзырар.

А щхьэусыгъуэ дыдэм кьыкэкIыу елэжащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4 статьям зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» законопроектми. Документыр елэжьа комитетым и унафэщI Жанатаев Сэлим кьыщыпсалъэм депутатхэр щыгъуазэ ищIащ федеральнэ законодательствэм ипкъ иткIэ сабийм зегьэгъэпсэхуным» абыхэм я узынщIэгъэр зэтегъэувэжыным кьыдэгъэпщIыныкIэ полномочиехэр УФ-м и субъектхэм я кэрал властым и органхэм зэрыратыжар.

ИщхьэкIэ кьыщыгъэлъэгъуа законопроектэм зыхуэфащэ комитетхэр елэжьыба иужь, ахэр КъБР-м и Парламентым и сессием кьыщыхалъхьэнущ.

Президиумым хэтэр тепсэлъыхьащ «Полупроводник Iэмпсымэхэр къыщIэзыгъэкI Налшык завод» ОАО-м и акцэхэр приватизацэ щIыным арэзы техъуэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм Парламентым зэрызыкьыунэсам. Мы предприятиэм и акцэхэр (устав мылькум и процент 20,43-р) КъБР-м и кэрал мылькуц икIи 2010 гъэм кэрал мылькур приватизацэ щIыныкIэ зыхуэпсэхэм я планым ипкъ иткIэ ящэкIи хуэщI. Ауэ ахэри зэкIэ у акцэхэм я уасэр сом мелуан 20-м зэрыщIигъум кьыхэкIыу ахэр приватизацэ ящI хуэщIы ныкъым КъБР-м и Парламентым и арэзыныгъэ хэмылъу. Президиумым хэтхэм ящIащ ещанэ Iуэхум зыхуэфащэ комитетыр хэплъэну икIи елэжьыну, итIанэ ар КъБР-м и Парламентым и зэIущIэм кьыщыхилъхьану.

Парламентархэр адэкIэ хэпIащ федеральнэ закон Iэмпсымэхэр къыщIэзыгъэкI Налшык завод» ОАО-м и акцэхэр приватизацэ щIыным арэзы техьэуп папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм Парламентым зэрызыкьыунэсам. Мы предприятиэм и акцэхэр (устав мылькум и процент 20,43-р) КъБР-м и кэрал мылькуц икIи 2010 гъэм кэрал мылькур приватизацэ щIыныкIэ зыхуэпсэхэм я планым ипкъ иткIэ ящэкIи хуэщI. Ауэ ахэри зэхэту а акцэхэм я уасэр сом мелуан 20-м зэрыщIигъум кьыхэкIыу ахэр приватизацэ ящI хуэщIы ныкъым КъБР-м и Парламентым и арэзыныгъэ хэмылъу. Президиумым хэтхэр ящIащ ещанэ Iуэхум зыхуэфащэ комитетыр хэплъэну икIи елэжьыну, итIанэ ар КъБР-м и Парламентым и зэIущIэм кьыщыхилъхьану.

Парламентархэр адэкIэ хэпIащ федеральнэ закон Iэмпсымэхэр къыщIэзыгъэкI Налшык завод» ОАО-м и акцэхэр приватизацэ щIыным арэзы техъуэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм Парламентым зэрызыкьыунэсам. Мы предприятиэм и акцэхэр (устав мылькум и процент 20,43-р) КъБР-м и кэрал мылькуц икIи 2010 гъэм кэрал мылькур приватизацэ щIыныкIэ зыхуэпсэхэм я планым ипкъ иткIэ ящэкIи хуэщI. Ауэ ахэри зэхэту а акцэхэм я уасэр сом мелуан 20-м зэрыщIигъум кьыхэкIыу ахэр приватизацэ ящI хуэщIы ныкъым КъБР-м и Парламентым и арэзыныгъэ хэмылъу.

Президиумым и зэIущIэм хэтахэр зэгурыIуащ Парламентым и планыр зэрыщIэм зыщыхэпIэну Iуэхуэм щIа-гъужьну икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЛыкIуэу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэтхэм 2009 гъэм зэфIагъэIахэм техуэуа отчетым щыщыIэм и 29-м едIуэну.

Президиумым и зэIущIэм нэгъэщI Iуэху зыбжанэми щытепсэлъыхьащ.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущапи1эм и лэжьакIуэ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIхэр

● Къулыкъу

Дыдэрыщыгъуазэщи, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и япэ зэIущIапIэм и унафэщIу щыхахащ республикэм и Профсоюз хэм я федерацэм и тхьамадэ Тау Пщыкъан.

***Щыщыпэм и 15-м екIуэкIа етIуанэ зэIущIэм хэтахэм Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэу IэIэткIэ хахащ УФ-м Гидрометеорологиемрэ дыкъэзыухъурехь дунейм и щытыкIэм кIэлъыплъныныкIэ федеральнэ IнатIэм «Къуршхэм я гидрометеорологиемкIэ институт» и къэрал Iуэхущапи1эм и программхэм я щIэныгъэ унафэщI пафедчанэ Людмилэ Михаил и пхъумрэ «Заман» республикэ газетым и редактор и жыщыкъэ Аттаев Жэмал Жабир и къуэмрэ.**

ТАУ Пщыкъан КIэс и къуэр КъБР-м щыщ Шыджэм районым хыхьэ Кэнжэ къэухэм 1937 гъэм къыщалъхъуащ. Тимирязевым и цIэр зэрихьэу Москва дэт мэкъумэщ академиер кынухащ. 1961 гъэм щыщIэдзауэ ар Къэбэрдей-Балъкъэр совхоз управлением и экономист нэхъыжьу лэжьащ. 1962 гъэм КъБАССР-м Мэкъумэщ ерыскыпхъэхэр къэлэжьыным рэ къащIэжыным и министерствэм лэжьапIэ щIэныгъэр къыщIэлъэIуащ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Советым хэтхэм 2009 гъэм зэфIагъэIахэм техуэуа отчетым щыщыIэм и 29-м едIуэну.

Президиумым и зэIущIэм нэгъэщI Iуэху зыбжанэми щытепсэлъыхьащ.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущапи1эм и лэжьакIуэ.

ФЕДЧЕНКЭ Людмилэ Михаил и пхъур 1940 гъэм КъБР-м щыщ Шыджэм районым хыхьэ Кэнжэ къэухэм кьыщалъхъуащ, урысыц, щIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэщ, физикщ, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къраул университетым щыщIэдзауэ 1966 гъэм щыщIэдзауэ 1993 гъэм нэсыху Къуршхэм я геофизикэмкIэ институтым (Налшык къалэ) и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщхьэ, елэжьакIуэ секретару, унафэщIым щIэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэу щытащ.

КъБР-м и Парламентым и япэ, етIуанэ, ещанэ хэхьыгъуэхэм я депутату, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым РеспубликэмкIэ и Советым и УнафэщIым и къуэдзэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэу щытащ.

Профессорщ, географие щIэныгъэхэм я докторщ, РАЕН-м и академикщ, УФ-м Гидрометеорологиемрэ дыкъэзыухъурехь дунейм и щытыкIэм кIэлъыплъныныкIэ и федеральнэ IнатIэм «Къуршхэм я ггеофизикэмкIэ институт» и къэрал Iуэхущапи1эм и программхэм я щIэныгъэ унафэщIу. У ФФ-мрэ КъБР-мрэ щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэщ.

АТТАЕВ Жэмал Жабир и къуэр 1944 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м Кьырпыз ССР-м щыIэ Кант районым хыхьэ Ново-Покровкэ къуаэхэм кьыщалъхъуащ. Щэныгъэ нэхъыщхьэ иIэщ. Къэзахъ къэрал университетым журналистикэмкIэ и факультетымрэ КПСС-м и ЦК-м и дежь ИкIи лагъуэ щэныгъэхэмкIэ щIыIэ академием э кынуащ.

1972 - 1979 гъэхэм къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр щрихьэкIащ Къэзахстаныр печатымкIэ и органхэм. 1979 - 1988 гъэхэм Тырныауз къалэ газетым и редактору, КПСС-м и Тырныауз къалэ юмитетым и къуэдзэм и унафэщIу щытащ. 1991 гъэм и дыгъэгъазэм кьыщыщIэдзауэ 1992 гъэм и мэзыяжьыхьыр къэсыху «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редакторым и къуэдзэу щытащ. Iуащхьэмахуэ районым и унафэщIу илъэс зыбжанэ IэкIэлъащ. 1998 гъэм и гьатхэпэм кьыщыщIэдзауэ «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэщ.

Аттаев Ж. Ж. Урысей Федерацэмрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэщ. Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я Журналистхэм я союзхэм я саугьэтхэмрэ дипломхэм зыбжанэрэ кьаратащ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м

Налшыкдэсхэм я хъумакIуэхэр

КЪЭРАЛ кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министру КъБР-м щыIэ генерал-лейтенант **Томчак Юрий** Налшык администрацэм щригъэкIуэкIащ къалэ милицэм и илъэс лэжьыгъэр кьыщыпсэщIакьуэж зэIущIэ. Республикэ милицэм и пресс-Iуэхущапи1эм и унафэщI **КIасэ Марина** щыгъуазэ дыдэрэ зэрыщIамлэ, абы гульытэ хэха щыхуащIащ щIыхуэхэр щIэпхъаджащIэхэм ящыхъумэным.

Налшык къалэ УВД-м и унафэщI, милицэм и полковник **Бэджрэ Т Таубий** и докладым едIуэда нэхъыщ, министрым жиIащ къалэм щIэпхъаджагъэу щалэжьыр гъэмэщIэным, экстремизмэм зыбжанэм, хабзэм кьемыязгъэуу Iэщэкlэ зыгъэщIэзыуздэ бзаджащIэхэм мыльку кьаэзрыIэрыхьэ лъагъуэхэр зэхуэщIыным, учет-эратх дисциплинэр егъэфIэкIуэным кьаурр нэхъри хуэзэщIэгъэуIуэн зэрыхуейр.

ЗэIущIэм гульытэ хэха щыхуащIащ лэжьакIуэхэр тэмэму кьыхэхыным, я Iэщагъэм, я пщэрыльхэм жэуапльныгъэр зыхащIэу бгъэдыхьэныным нэхъри егупгуным.

Балигъ мыхьуахэм щIэпхъаджагъэу ялэжьыр гъэмэщIэным, апхуэдэхэр хьэмыгъэхьэуным и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ гъэкьабПIэнгъэкIуэр, куэдыр фадэмрэ наркотикымрэ зэрыдцIэзыхыр. - Зыщыбгъэгъупщэ хъунукьым дэтхэнэ зы щIэпхъаджагъэмки щыIэ хэха кьыззэрыкъуэтыр, - кьыхуигъэщащ прокурорым. Iуэхуэхэр зэхэзыгъэнI Iэнатlэхэм къэлыыхьуэныгъэ, профилактикIэ жьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкIым арэзы кьыззэрымыщIри кьигъэльэгъащ.

Налшык къалэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ **Сорокин Владимир** зэIущIэм кьрихьэлIдIаэр щыгъуазэ ищIащ УВД-м и материально-техникэ лъабжьэр гъэлъэщынымкIэ щыIэ Iэмалхэм. Абы и унафэщIхэм щытыкIэр егъэфIэкIуэным я кьаурр зэрыхуэзэщIапIэхэр Iэщэкlэ зыгъэщIэгъуащ.

Милицэм и лэжьакIуэ щIэблэщIэр гъэсэнымкIэ зыщIагъэкъуэну, лэжьыгъэм, гъащIэм щыгъуазэгъэуэта опытымкIэ ядэгугушIэну ветеранхэм жэрдэм зэраIэр кьыхигъэщащ министрым и дэIэпыкъуэгъу, республикэ къуэгъу,

●Текiуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлIэу

Совет Союзым и ЛIыхъужь

Къуэныкъуей Назир

ХЭТ ИГЪЭУНЭХУА зауэ гуащIэм укъыхэкIыжауэ дагъэгъэсыныр зыуха кхъухьлъатэ ныкъуэкъутэр къэплъэфэсыжы ныр зыхуэдэр?! Зи дамэр зэпыуда бгъэхьым щIэхуу, уебэ-уещIэу псынщIагъ пIыгъам зыкъыбогъэхь икIи, «И-и, сохуэх» щыжыпIэ дыдэм, тIысыпIэм укъыщхьэщохьэри, шэрхъхэр къыщIыбогъэх, щIым уоцрихь.. Уоцрихь уэзридзэу, итIани мывалъэ псыхъуэм лъапIэу къыщыбжыхьауэ алэрыбгъу щабэм укъытехьэжа хуэдэу зыкъыпщохьуж. Асыхьэтым гулъэф пщIауэ уэзрилъэфри, адэмыдэкIэ уэзрыщэридзэри сыгъым щыщ? ЩIылъэанэм и Iэпл Iэ гуапэм укъихутэжауэ уцIиупскIэу аращ.

ТIэ, укъэувыIащи, зыбгъэхъеину къару уиIэжкъым, ауэ уолъагъу уи ныбжьгъуэхэр къыдэзыжэр, кабинэм Iэпл IэкIэ укъызэрыхарыр. «Упсэу? Упсэумэ, аращ!»

Абдежым къыбгуроIуэ, дапхуэдизкIэ уэгур фIыуэ умылъагъуми, щIы щхъуантIэм ущписэуным нэхъ насып зэрыщымыIэр...

Комендирри уи Iэр, уи Iэр къеубыд: «Упсэумэ, аращ!»

Асыхьэтым уи Iупэр зэтумыхми, уи тхъэ къызэрихькIэ уи гущIэм укъокIиикI, адэ, уафэ щхъуантIэ укъызэхьжам нэIусу: «Сыпсэущ!»

ГъащIэр зэрылъапIэр, упсэуну зэрынасыпыр фIы дыдэу ящIэрт Хэку зауэшхуэм хахуэу щы-зэуа, Лъахэм и щхьэхуитыныгъэм папщIэ зи псэр зыгъ кхъухьлъатэзехуэхэм. А гъащIэр фIэIэфIт икIи игъэлъапIэрт лIэнкъэнэну биим пэщIэта Къуэныкъуей Назири. Дагъэгъэсыныр ихуарэ и кхъухьлъатэри ныкъуэкъутэ хуауэ ар къыщелаи къэхъуащ.

Полкым и комсорг Гавриловым Василий «Хэкум и щIыхькIэ» газетым трыригъэдза тхыгъэм дыкъыщоджэ: «1944 гъэщ, накъыгъэм и 1-щ. Кърымыр хуит къэщIыжьныныкIэ екIуэкI зауэхэр и кIэм ноблагъэ... ПщэжджьжьнэмэзУ ди «Як» гупым заIэтащ биим и аэродрому Херсонес щыIэм теуэрну. Кхъухьлъатэзехуэхэм яхэтщ Шпундяков Сергейрэ Булатов Георгийрэ, Егоровичрэ Владимирэ, Абрашитов Щэмиз, Къуэныкъуей Назир, нэгъуэщIхэри.

ЦIэрыIуэ хъуа Качэ хъалэм щащIа зыпIэзыхьыпIэ-унафэ щIыпIэм деж хъарзынэу щыпIалъгъурт зэрефIэгъэрыIуэ совет кхъухьлъатэхэр, тенджызымкIэ кхъущыщхьщыхьэу абыхэм биим бомбэхэр зэрытрадзэр.

Ди «Як»-хэр къежьажа нэужь, Херсонес щхьэщыжа «Фокке-вульф-хэр къэпхъэращ. Къуэныкъуейрат и ужь итри, абы удыныр нэхъ лъэIэсыгэ. Нэмыцэ топышэхэмрэ пулеметышэхэмрэ Назир и Александррэ уэгум ихьащ. Абыхэм я къалэнт Сиваш зэпрыкI ди дзэхэр нэмыцэ кхъухьлъатэхэм щахьумэну. Я къежьажыгъуэ хъуауэ зэныбжьгъуэхэм кхьуоозэ фашист бомбэзехьэхэр пщыкIутIрэ ахэр зыхъумэ зэрефIгъэрыкIуэ кхъухьлъатиплIрэ.

А дакъикъэм Къуэныкъуейм рэ, и ныбжьэгъуэмрэ къафIэIуэхутэкъым абыхэм я бжыгъэр. Бомбэзехьэхэр ящхьэщыбгъэхьэу ди дзэр Iисраф ебгъэщI хъунутэкъым. ИкIи Назиррэ Сашэрэ я кхъухьлъатэхэм зыкъагъаэзри, уащхъуэдэмыщхьуэу биим йобгъэрыкIуэ. И топымрэ пулеметымрэ зэдегъауэри, Къуэныкъуейм нэмыцэ кхъухьлъатэ пашэм удын хьэлъэ иредз. «Юнкерс»-м и дамэ лъэныкъуэр гуощэтри, езыри йохуэх. Ивановми зы кхъухьлъатэ ирегъэпсых.

Назир зыкъеръаэзри, аргуэру зы бомбэзехьэ хьэуам кхъущегъауэ. Иджы бийхэм я сатырыр къутащи, бомбэхэр я щIыпIэхэм щрадзыхьыжурэ зэбгрольэтхэр.

Къуэныкъуейр кIэлъопхъэр нэгъуэщI «Юнкерс»-м. А дакъикъэми гульэтэ Александр и Iуэхур зэрыщIэIыхьам: зэрефIгъэрыкIуэ кхъухьлъатиплIым тIурытI защIауэ ар я кум даубыдэну хэтщ. Назир и ныбжьэгъуэ къригъэлыну зыкъегъаэзэ. Иванов нэхъ кхьыхэзыгъэзыхьам гъунэгъу хуохъу икIи кIакхъум йоIэ, ауэ уэ макъ кхэIуркъым - шэхэр иухащ. Къуэныкъуейр щилъагъум Александр къебгъэрыкIуам кIабгъу зещIыж. АрцхьэкIэ адрей лъэныкъуэмкIи и ныбжьэгъум кхъухьлъатитI, кхъущебгъэрыкIуэрт. Назир абыхэм накIуэпакIуэ япожьэ. ПсынщIэу гъунэгъу зэхуохъу, зы тэлай дэкIыжмэ, зэжьэхэхуэнуэ тIри хэкIуэдэнущ. Аущ фашистым зыхуэIыгъакъым, лъэныкъуэкIэ триIуэнтIащ. А щIыкIэм тету, Иванов Александри ажалым кIащ...

Къуэныкъуейр Берлин кхъэзыщтахэм яхэтащ. Абы и бгъэм хэлът Бэракъ Плъыжь орденитIрэ Вагъуэ Плъыжь орденитIрэ, медалхэр. Зауэ нэужьым Назир кратыжащ Совет Союзым и ЛIыхъужьым и Дыщэ Вагъуэри.

Хэку зауэшхуэр нуха нэужьи абы щIэ и къулыкъу щищIащ - эскадрильем и командиру, полкым и унафэщIым и къуэдзэу. И узынщагъэр «ещIэкъуауэу» зэрыхуэхьэу, Назир авиацэм къыхэкIыжри, Надщик къыIэпхъуэжащ. Санаторэхэм ящыщ зым и унафэщIу щытащ.

1975 гъэм Къуэныкъуей Назир дунейм ехыжащ. Абы и цIэр фIащащ Ланыкъей щызэхэт мэкъумэш Iуэхуцапэм, Налшык, адыгэ къужэ зыбжанэм я уэрамхэм.

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд.

Сабийхэр и усэхэмкIэ егъэгуфIэ

Щоджэн Леонид и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу



ЩОДЖЭН Леонид Сулеймэн и къуэр 1935 гъэм щIышылэм и 25-м Бахъсэн районым хыхьэ Куба къуажэм кхъащалъхуащ. Курыт еджапIэр кьнуха нэужь, дзэм ирадж, а кьулы-къур щытхъушхуэ пылъу ирехьэкI. ИужькIэ Леонид Донбасс макIуэри абы щыIэ шахтэхэм щолажь.

Лэжьыгъэм щIапыкIа, гугъуехьэм ипсыхьа щIалэр зыпэрыува IэнатIэ гутъум жыджэру пэрытщ, щапхьэ егъэлъагъуэ. КхьэзэрыгуэкI лэжьакIуэу щеддзэри, бригадэм и унафэщI мэхъу, участкэ иным и Iэтащхьэу ягъэув. И цIэр фIыкIэ кьаIэт, цIэрыIуэ мэхъу. Ауэ щIалэ жьыджэр гуащIафIэм и псэр нэхъыбзэм хуеIэрт, щIэныгъэ зригъэгъуэтыну щIэхьуэпсыртри, кхъущалъхуа щIынальэм кхьокIуэжри, Кхьэбэрдей-Балькъэр кьэрал университетым тхыдэмкIэ и кьудамэм щIотIыкIхьэ. Щоджэн Леонид зэрылажьэм ху эдэрэ йоджэ. Тхыдэм, щэнхабзэм, литературэм дихьэха щIалэр зригъэгъуэта Iэщ Iагъэм иролажьэ. ЦIыхьуэр фIыуэ зыльагъу, абыхэ эм я псэм щыщIэр, ягъэвыр нэсу кхьызыгурыуэ щIалэм тхэным зрегъыт, нэхъыбзуи сабийхэм яхуэтхэу щIедзэ. Усэхэр, уэрэдзэр, кхъужэхьхэр, хьэрыбзэхэр, псысэхэр етх. Адыгэбзэр школхэм зэрыщрагъэджкхэм теухуа тхыгъэхэр газетхэм кхьытрегъадзэ, радиокIэ кьет, зэIущIэхэм кхьыщопсалъэ.

Тхыльыр цIыхухэм фIыуэ егъэльагъуным теухуауэ зэфIигъэкIа лэжьыгъэшхэм папщIэ Леонид кхьыхуа гъэрэфщауэ щытащ «Пропагандист книги» щIыхь дамыгъэр. 1974 гъэм щегъэжьауэ пенсэм кIуэху Щоджэн Леонид КъБКъУ-м щылэжьащ, иужьрейуэ университетым и музейм и унафэщI Iэнатlэм пэрытащ.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм псэ хьэлэмкIэ зэрыбгъэдэтыр кьалъытэри, Леонид кхьыуаГъэфэщащ «За доблестный труд» медальр.

ЗэрытщIэжщи, блэкIа лIэщыгъуэм и бгъущI гъэхэр ди кьэралымрэ абы ис лъэпкъхэмрэ я дежкIэ зэхэтэкIыпIэшхуэу щытащ. А зэман гугъум кьрахьэжьауэ щыта Iуэхуэхэм ящыщт кьуажэ сабийхэр япэ классым щегъэжьауэ я бзэкIэ егъэджэн хуеIуэу кхьызэрыхалъхэр. Абы и лъэныкъуэкIэ гугъу зезыгъэхьахэм ящыщщ Щоджэн Леонид. Ныкъуэкъуэгъуэр щыIэми, Леонидрэ ар зыхэт гупымрэ яхуэзэфIэкIат ар кьэралу унафэу кьрагъэщтэну. Иджыпсту ар ужьыхьжащи дегъэгузавэ.

УФ-м и ТхакIу зэхэм я союзми (1977 гъэльандэрэ) Журналистхэм я союзми (1985 гъэм щыщIэдзауэ) хэт Щоджэн Леонид тхылъеджхэм нэхъыбзу кхьызэрыщыхур сабий усакIуэщ. Абы и кьалэмыпэ кхьыщIэкIащ усэ, уэрэдз гъэщIэгъуэн куэд, кьужажьхьэр, псынщIэрыпсалъэхэр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэхщ, псалъэм папщIэ, композиторхэу Даур Аслъэн, Къэбардокъуэ Борис, Балэ Мухьэдин сымэ ящыщ сабий уэрэдзэр («Къру щырхэр», «КIэпхь», «Бэдж», «Псынэ», «Гъдэ», «Ди бзэр», «Нэпсей щыкIу», «Мыщэ мышынэ», «ЩIакIуэ Iущ, «Вакъэжьи», «Хэт сыт жиIэр», н.). Щоджэн Леонид и усэу макъамэ зыщIалъхьахэм я бкыгъэр 200-м щIегъу. Ахэр радиокIэ, телевизоркIэ щIэх-щIэхыуэ кьат, сабий гъэсапIэхэм, пэщIэдзэ егъэкIапIэхэм, егъэкIапIэ нэхъыщхьэхэм (университетымрэ абы хьыхьэ педагогическэ колледжымрэ) щадж. Ди республикэм кхьыщIэжа «Нур» сабий журналым ахэр кхьытохуэ, «Эльбрус» тхыль тедзапIэм тхыль щхьэхуэуэн кхьыщIыдэкIаХэр мащIэкъым. Леонид сабийхэм щхьэжкIэ итха тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхыль зыбжанэ иIэщ. Апхуэдэхэщ 1987 гъэм дунейм кьыгетхьа «Лъэмыж» усэ тхылъыр, «Къру щырхэр» (1993), «Псей щхьуантIэ» (1996) усэхэр, кьуажэхьхэр, псынщIэрыпсалъэхэр зэрыт «Моцэрэ Бацэрэ» (2001), 2003 гъэм кьыдэкIа «Уэрэдзэр», «Адыгэ псалъэ» газетым тета «ЦIыкIураш и хьэрфхэр» (2006 гъэ, гъатхэрэм и 25), сабий усэу 86-рэ зэрыт «МэдэцIыкIу» (2006), макъамэ зыщIалъхьа усэхэр, тхакIуэхэм Леонид хужаIаэрэ ипу Истамбыл кьыщыдэкIа «Лэгъупкьу» (2006) тхылъыр (ар зи ныбжьыкIэ дунейм кьытехьар хеттолог цIэрыIуэ Чурей Ахмэд), «Нэхунэ цIыкIухэр» (2007), «Кьуажэхь 400» (2009) IэдакъэщIэкIэхэр. Апхуэдэуи Леонид и усэхэр, псынщIэрыпсалъэхэр, кьуажэхьхэр ихуащ цIыку зыбжанэм я лъжьыгъэхэр щызэхуэхьэсА тхылъхэм, учебник-хрестоматиехэм, сабий садэжмрэ пэщIэдзэ классхэмрэ зэреджэ программэхэм, нэгъуэщIхэми.

ЦIыкIухэм яхуэтхэ кьудейм кхьыщымынэу, пэщIэдзэ классхэр адыгэбзэкIэ еджэу щащIам щыгъуэ, Леонид зэридзэкIащ учебникхэр. Апхуэдэ тхылъхэр тху хьурти, зым фIэкIа кхэмынэу адрейхэр кьыдэкIауэ ныбжьыщIэхэр зэреджар ахэращ. А лэжьыгъэхэм Леонид кьыщитхъэзбэгъэн хуей хьуащ езым кьыгупсыса псалъэщхэр. Ахэр зымыдэхэр щыIэми, зэдзэкIыжьхуэмэхуэ кхъэзыльыгъэхэр гъунэжми, сэ сыхьэрепIымкIэ, Щоджэным тегушхуэныгъэшхуэ хэльщ, кьиргъэща псалъэ щхьэхуэхэр щыуагъэу схужьIэнукъым. Псалъэм папщIэ, абы зэридзэкIат «Природоведение» тхылъри, абы и фIэщыгъэцIэр «Дунейрыгъуаэзэ» кьиргъельэгъуащ, дунейм, кхъэхькащIэхэм уха-зыгъэгъуэгъэ щIэныгъэ кьиргъэкIыу. Адрей тхылъитIыр «Дунейрыгъуаэзэм» и гуэдзэхэщ, зэреджэри «Дневникщ». А псалъэри адыгэбзэкIэ «Махуэрытхыу» зэредзэкI. Апхуэдэу а тхылъхэм кьыщиГъэсбэпащ уахэ (космос), щыгупс (водоем), нэрылъплъхь (горизонт), псыщIыгу (остров), щэдгуарцэ (торф), псантхуэ (нерв), жьыкьэпщ (флюгер), махуэрыбжь (календарь) псалъэхэр, нэгъуэщI куэдри.

ЖьыпIэнуракъэ, усакIуэм гу зылъыдигъэтэну хуейр Iэджщ, езым зэфIэкI бгъэдэлъщи, ди гуапэщ дяпэкIи лъэпкъ сабийхэм я гум, я псэм дыкъэн тхыгъэфIхэмкIэ ар кьытхуэупсэну. Щоджэн Леонид и усэхэр адыгэ усэ гъэпсыкIэм тетщ, рифмэ кьуелийкIэ гъэнщIащ, кьеджэ згъуафIэу, зэгъэщIэгъуафIэу, гъэщIэгъуэну ухущ. Апхуэдэу тха хьуар икъукIэ сабэщ сабийм и бзэм зиужьыныкIэ, нэхъ щэрыуэу псэльэныкIэ. Абы и усэ сатыр кIэщIхэр пкъыгъэкIэ дахэу зэполъэль, пкIэльей усэ ухуэкIэ яIщ. Усэхэм я гъэпсыкIэ, зэрыг жьыпхэ и лъэныкъуэкIэ я гугъу пщIымэ, нэхъыбзу гу зылъытапхъэр Iэкiуэльанкiуэ аллитерацэр (зэхуэдэ, зэщхь макъ дэкIуэйашэхэм кьытрагъэзэкIу) кьыдэригъэсбэпащ.

Щоджэн Леонид и усэхэр, кьуажэхьхэр, псынщIэрыпсалъэхэр псори щызэхуэхьэса тхылъ кьыдэкIыну, и уэрэдзэр зыгъет диск зрагъэхьэзыру сабий садхэм, курыт еджапIэхэм я Iэрыпхьэну дигу алэт. Ди нэхъыжьыкIым тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ ди сабийхэр кудэрэ игъэгуфIэну Тхьэм жиIа!

АБАЗЭ Албэч,
КъБКъУ-м и доцент

ЩОДЖЭН Леонид

Пшынауэ

Динэ Iэзэу
Пшынэ йоуэ,
Езыр пшынэм
Кьыкъуэмыщ.
Кьуалбзэуэм
Ар япоуэ,
ЯтекIуэныр
Зым щымыщ.

Динэ щыкIур
Пшынэм щеуэм,
Джэдум ещIыр
Исльэмей,
Абы декIуу
КъыдекIуэкIыну
Хьэмыщэкъи
Кьыдольей.

Хьэсэн

Гъатэ хьуащи,
Мэгупсысэ,
Мэгупсысэ
Ди Хьэсэн:
«Сыт ди хадэм
Сэ хэссэн...?
Мыязрысэ,
КхъужьIэрысэ,
Санэ фIыцIэ,
Санэ плъыжь,
ТутмэракIуэ,
МэракIуапцIэ,
Е кьыпцIэшхуэ,
Е дэшхуейI..
Псом ящыщи
Сэ хэсэнщ,
Иребагъуэ -
Сегугъунщ».

Мышынэ

- Мышэ,
Умышынэу,
Бгы щыхуIпэм
Укъытъэн?
- Сыкъельэнщ.
- Псы кьиуами
Уха льэн?
- Сыхэльэнщ.
- Блапцlэр Iэжlэ
Кьэпщтэфын?
- Кьэсштэфынщ.
- Шыпсыранэм
Пцlанэ шыру
Укьыхьэн?
- Сыхьыхьэнщ!
- Шы мыгъасэм
Ущэсын?
- Сышэсынщ!
- Умышынэу,
Жьщым мэзым
УкIуфэн?
- СыкIуэфынщ,
- Дыгъужь плъагъумэ,
Ущынэн?
- Сышынэнщ.

Бабщ бын

Кьыздащтауэ
Сабын,
Псыхъуэм макIуэ
Бабщ бын.
Я нанэжьыр
Ягъ итщ,
Кьэгубжьауи
ТIэкIу фэ тетщ.
Пэжу, шырхэр
ТIэкIу делащ,
ЯтIэпс фIейкIэ
ЗацIэлащ.
Иджы шырхэр
Напэ фIейщ,
Ахэр фIыуэ
ГъэпскIын хуейщ.
Нанэр шырхэм
ТоIуэтыхь,
Нанэр шырхэм
ТопъэщIыхь.
Шырхэр кьабзэмэ
НэхъыфIщ,
Кьабзэ шырхэр
Хэти фIэфIщ.

Хъарбыз

Ныбэф цIыкIур
Уэсэпс йофэ,
Псыуэ зэфэр
Фоупс ещI...
И кьежьапIэр
Гъэгъа тIэкIущ,
ТIэкIур дыгъэм
Етъэбагъуэ,
Игъуэ нэсмэ -
И кур сыхьэщ,
Сэр еIусэмэ,
ЗэщIотхъэ,
Унагъу эшхуэри
Дегъатхъэ.

Нэпсей

Мыр
Си КIуцэщ,
Мыр
Сысейщ,
Сысей щхьэкIэ
ТIэкIу нэпсейщ.
Нэпсей цIыкIур
НэцIэрыфэщ,
ТIэкIуи бзаджэщ.
Бзаджэ цIыкIур
КьызоIэу,
Кьызоубзэр,
Кьызобзэр:
«Со-мэ-жалI»,
Кьызэт лалI»!
НэгъуэщI епТым
ЕмыIусэ,
НэгъуэщI епТым
Зегъэгусэ.

Гурэ

Гурэ и пэр
ЩыIгъэ кIыхьщ.
И пщэ пцIанэр
Нэхъ кIыхьыжщ,
И цей фIыцIэр
Щыи гъэкIыр,
Мэуфафэр.
Къэфэрейщ.
КъэфэрэлъIыгъуэм
Хэт ярейщ.
Зыкъегъаз,
Зынегъаз,
Чыныи хуэдэу
Мэджэрэз.
ЗигъэзэхуэкIи
ЖиIэу «цыкь»,
Дегъэльагъур
ПщIэнпэу цирк.

Белоруссием къыщожьэ

ХЭКУ зауэшхуэм и илъэхэр кIуэ пэминыхъ тIэжьжьэ мэхъу, ауэ ди щыхуэм абы щызэрахьа Iыгъэр фэеплъ лъапIэу игъащIкIэ къыддекIуэкIынущ. Белоруссэм фIыуэ ящIэж я псэ емыблэжу я щIыналъэр зэрыпхъуакIуэхэм ящыхьыхьумахэр икIи партизан зэшIохьеелыгъэм хэту бийм езыуахэм папшIэ дыщэ медаль ягъэуващ. Апхуэдэ дамыгъэ ахьыгъэфэщащ ди хэкуэгъу хахуэ Кульчаев Махьты. Гутузовым и цIэр зезыхьэ партизан гупым и комиссару щыхьыграбгъу имыIэу абы фашистхэр зэтрикIащ. Кьигъэльэгъуа лIыгъэм и щыхьэту Махьты кратащ Бэракъ Плъыжь, Вагъуэ Плъыжь, Хэку зауэшхуэ орденхэр, медалу куэд.

Кульчаев Махьты Балькъэр Ипщэ къуажэм къыщалъхуащ, классибл еджапIэр абы къыщиухащ, а жьлэм щызэхэт колхозым счетоводу лэжьэн щыщIидзащ. ИужькIэ комсомолым и ШэрэджрайкомымитIуанэ секретарэу хахащ, 1938 гъэм партым хагъэхьащ.

Фашистхэр ди къэралым къыщыгъуэм Кульчаевым Белоруссием и щIыпIэ пхыдза гуэрым кьулыкъу щищIэрт. Ар Слонимрэ Барановичирэ я Iэшэлъащэхэм щызэуащI. Могилев, Смоленск, Вязьмэ кьалэхэр зыхьымахэм яхэтащ.

Махьтырэ и ныбжьэгъуэмрэ кьаувыхьауэ, бий ерур гуащIэу кьебгъэрыкIуэрт. Щэхэмрэ ерыскьымрэ яIэщIэхатэ, щытыкIэ хэлъэ дыдэм кьыкутахэт. Къахуэжар зыгъ - я пэр пытыкъ зыIигъынеГъэрэ затын. Парторг Кульчаев Махьты и ныбжьэгъуэхэм захуигъаэри яжриащ: «Дыдейхэм дазэрыльэIэсыжьынмэ дыпыкIащ, хэкIыпIэу слъагъур мэзымкIэ дикIуэтыныращ».

ЗауэлI Калиновскэм кьыхьащащ илъэс куэдкIэ мэзхъумэу щылэжьа, Минск и Iергъуэблагъэм щыIэ Борисовскэ заповедникым зыщагъэбыдэну. Абы дэтхэнэ лъагъуэри чыцэри фIыуэ ицIыхурт.

Куэд дэмыкIыу ди зауэлIхэм Заболотье кьуажэм щыщ унагъуэхэм зыщагъэпщкIуащ. Кульчаевым кьыхихар Синкевич Тимофей ефIт. Абы и куэ Михаил дэзм щыIэти, иджы белорус унагъуэм и щIалэр Махьтыт. Кульчаевым хуэзрагъэпэщат 1930 гъэ льандэрэ щIыпIэ колхозым «зэрыхэтымкIэ» тхыль. Адрейхэми апхуэдэ дэфтэрхэр хуатхри, дэжьапIэ ягъэуващ. АбыкIэ сэбэпныцхуэ кьахуэхьуат партым и райкомым и унафэкIэ кьуажэм кьыдэнаэу старостэу лажь Шаковеи Семен.

1942 гъэм и гъатхэм дыщIэжхэр гупышхуэ зэрыгъэхьуащ. Кульчаевыр зи унафэщI партизанхэм Березинэ псым тепIэ лъэмыжьыр кьагъащIуэри, Германием лЫщIапIэ яхуну ди цIыхухэм я спискэхэр здэщыIэ комендатурэр зэтрагъэхьащ. Бийм и мафIэгуэр кьагъауэрт, нэмыщI зэрагъэнэхэр зэтрагъэкIуэрт. Партизанхэм я бжьгъэм кьахьхуэ эпыт, я кьарур лъэщу зэрыубыдырт. Я пэр гуапэ фIащар «Борэнпежьэ». Абы нэгъэщIхэри кьакIэлъыкIуащ. Иджы ахэр цIыху 1700-м щIигъу зыхэт зы бригадэ псо хьурт.

Кульчаев Махьты и зауэ гъуэгуанэр гуимыхуэж Iуэху куэдхэмкIэ гъэщIагъэ щытащ. Си пащхьэм ильэ зэманым гъуэжь дахьуа газет кIапэ. Белоруссием и кьэралымрэ партизан зэшIохьеелныгъэм и тхыдэмкIэ и кьудамэм и унафэщI Ловецкэм Кульчаевым теуIуэу абы щетх: «ЩIыху нэсу. И зэхэщIыкIыр щызэрыубыдар, фIэщхьуныгъэр кьыщIухьэкIуар тыншыпIэ здэщыIэ унэ хуабэм щIэсукъым, атIэ бийщэр кьытельа- льэу мафIэ лытъэмрэ гъуэзымрэ щыхэтарщ».

«Борэнпежьэ» партизан бригадэм и командир, Совет Союзым и Лыхъужь Маргуелевым, комиссар Рябухэ, штабым и унафэщI Ловецкэм Кульчаевым теуIуэу абы щетх: «ЩIыху нэсу. И зэхэщIыкIыр щызэрыубыдар, фIэщхьуныгъэр кьыщIухьэкIуар тыншыпIэ здэщыIэ унэ хуабэм щIэсукъым, атIэ бийщэр кьытельа- льэу мафIэ лытъэмрэ гъуэзымрэ щыхэтарщ».

«1942 гъэ, мэкъуаугъуэм и 10. Кульчаевым автомашинитI игъэсащ, нэмыщI офицеритI ныкIащ.

1942 гъэ, фокIадэм и 30. Латыгъовичи. Кульчаевым и пулеметымкIэ бийр кьримыгъэкIуэту, фашист гарнизоныр кьаIэ щымыIэу зэтекъутэныр кьызэригъэпэщащ. Есым нэмыщиу нуКIащ.

1942 гъэ, жэпуэгъуэм и 28. Червенск район, Ясная Поляна. Кульчаевым бий кьебгъэрыкIуэхэр щэнейр зэтрИгъэрри, уIэгъэ хъуа ди зауэлIмрэ кьыIуаухьну Iэмал яритащ. Езыр кьыщыIукIар псом ящыкIэщ. А зэхуэу гуащIэм папщIэ Вагъуэ Плъыжь орден кьыхуагъэфэщащ.

1943 гъэ, мэкъуаугъуэм и 5. Комиссар Кульчаевым и гупым автомашинэ 34-рэ икъутащ, фашисти 160-рэ зэтрилъкIащ.

1943 гъэ, мэкъуаугъуэм и 10. Минск областым иту фашист унафэщIхэр кьарушхуэ ящIыгъуу Шащ кIуэрт. Партизанхэр абыхэм ятеуэри, Iэпщэрыбанэм щыхуэкIуи щыIэу, хагъащIуу хуежьащ. Зэхуэм и гуащIэгъуэ дыдэм бийм дэIэпыкъуэгъу кьыщриджэм парторг Кульчаевым и гупыр япуэри, зымащIэкIи кьикIуэтакъым. КьудыкъущIэшхуэхэри яхэту, фашист куэд зэтрауклащ. А хьыбарыр Союзэпсо радиомкIэ кьатащ, кьэралым и «Правда» газет нэхъыщхьэм кьытрадзащ, дуней псом хэIущIыIу щыхъуащ.

1944 гъэ, мазаем и 22. ГранатэкIэ бийм и пулеметыр икъутэри, фашистиплI нуКIащ, зы офицер гъэр кьищIащ».

Мис апхуэдэу щхьэмыгъазэу Белоруссием и щIыналъэм щызэуащ а лъэхъэнэ хьэлъэм псоэпыдлъхьэпIэ Iэджэм ихуа Кульчаев Махьты. ИужькIэ бийм зэтрикьута кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ зэфIигъэувэжу Белоруссием кьулыкъу зэмылIужьыгъуэхэр щрихьэкIащ.

1958 гъэм Налшык кьигъэзэжри, «Главвторчермет»-м и унафэщIым и кьуэдзэу, машинэухуэ заводым кадрхэмкIэ и кьудамэм и нэхъыжьу дэжьащ.

Белоруссием и партизан зэщIэхъеныгъэм и лЫхъужь Кульчаев Махьты пенсэм кIуа нэужьи Iуэхуншэу щысакъым - щIэблэр нэхъыжьхэм я щапхъэ дахэм щIипIыкIыу, Хэкур фIыуэ лъагъуным, мамыр гущIэр хьэмэным я мыхьэнэр кьагуригъаIуэу псэухукIэ бэм яхэтащ.

ЗАНКИШИЕВ Хьусейн.
Сурэтыр **ТОЛГУРОВ Камал** *трилащ.*

ЕгъэджакIуэхэри еджакIуэхэри щогуфIыкI

Прохладнэ районым хьыхь Лесной кьуажэм кьыщыгъэIуахьажащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Кьаныокъуэ Арсен и пшэрыльным тету кьызыхуэтыпщэу эзрагъэпэщыжа школ спортзалыр. Республикэм бюджетым щыщу сом мелуани 2-рэ мин 580-рэ абы хухахащ.

СПОРТМ зыщыкъагъасэ пэшым и щхьэр зэрахъэкIащ, и Iупльапэр игъэдэхащ, бжэ-щхьэгъубжэ хэр, лъэгуэхэр, сантехникэр, пэщ кIуэцIэм я инженер коммуникацэхэр яхьэужащ, тек кIуапIэхэр зэрагъэпэщыжащ, блынхэр ялэри, кафель кIэралъхьажащ Агростройсервис- ООО подряд организацIэм и лэжьакIуэхэм. ЗыгъэсапIэ пшэм и зытIэщIыпIэхэр, зытхъэщIыпIэхэр, гъэIыльыпIэхэр зыхуэ хуагъэзащ. А псоми егъэджакIуэхэри еджакIуэхэри щогуфIыкI.

ЛУПЫРЕВЭ Ириндз.

● Щалэгъуэ

Сыт лъэр щІэзыгъэкІыр?

Студентхэм я махуэ льапІэр, щымахуэр зыгъэдахэ уэс кууР, щІыхь гъащІэм и Іофышіэ лъэхъэнэр зей щІалэгъуалэ ныжэгуэкІэр...

А ПСОРИ щыізэхэуХуэнат щІыШылэм и 25-м Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щекІуэкІа гуфІэгъуэ махуэм. Дахагъэрэ жанагьКІэ гъащІэм щыпашэ студентхэрт а махуэр зейри, я дэрэжэгъуэм гъунэ иІэтэкъым, зи чэзу экзаменхэр ятати, абы нэхьри лъэр щІигъэкІырт.

Университетым и факультет эзхуэмыдэхэм щІэсхэр зэрызэхьэзэхуэр еджапІэм и пщІантІэм къыщыпщІэрт - тхьомахуэ махуэм щІалэхэр къызэхуэсхэри, уэсым гуапэщхуэз зырыз «къыхагъэджэрэзыКІат», щхьэж и факультетым и цІэри тратхэжат. Лъэпкъ щхьныгъуэхэмкІэ зэпеуэ-гъэлъэгъуэныгъэ пэІущІэ пэщышхуэм щекІуэкІынути, пщащхэм абы зыхуагъэхьэзырырт.

Пшынэмрэ бэрэбанэмрэ я макъэм махуэщхуэр нэхьри яІэтырт.

КъБКъУ-м и факультетхэм, абы и колледжхэмрэ техникумхэмрэ щхьэж и Іэнэр къагъэвакІ, ижь-ижьыж льандэрэ лъэпкъхэм къадекІуэкІ щхьныгъуэ Іофхэр тельу. Лъэпкъ зэхуэмыдэ куэдым къыхэкІаХэр щеджэ университетым утыку къыщрахьар адыгэхэм, балъкъэрхэм я ерыскъыгъуэхэм я закъуэтэкъым, атІэ абы щыпльагъунут къущхьэ, куржы, ермолы, нэгъуэщІ лъэпкъхэми я шхыныгъуэхэр.

Абыхэм я гурыхьагъымрэ я гъэхьэзырыкІэм студентхэр фІыуэ зэрыщІагъэзэмрэ къэзыхугъэн хуей егъэджакІуэхэм я пашэт ЖъБКъУ-м и ректор Кьарэмырэз Барэсбий. Факультет, колледж щхьэм я Іэнэхэм «щалъэхьэщІащ» Кьарэмырэзр, абы и псалъэ гуапэхэми щІэдэІуащ.

Ректорым и «зекІуэр» зэфІэкІыхуэКІэ, студентхэм я нэгу зэрызрагъэужьын Іуэхугъуэхэр кьахуэгупсысынтэкъэ, джэгу-зэпеуэ гъэщІэгъуэнхэмкІэ, кьафэ зэхуэмыдэхэмкІэ зэІущІэр ягъэдэхащ, текІуэныгъэ къэзыхь дэтхэнэ зыми саугъэт гукъинэжхэмкІэ хуэупсэу.

- Хабзэ зэрыхьуам тету, ильэс кьэс Татьянэ и махуэм мыбдеж дыкъыщызэхуос, - жиІащ Кьарэмырэз Барэсбий псалъэ щратым. - Ильэс кьэс студент нэхъыбэ къызэрекІуалІэр, кьефхьжьэ Іуэхугъуэхэр нэхъыбэ зэрыхьум гу лыдзотэ. Абы ущымыгуфІыкІынкІэ Іэмал иІэкъым, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, мыпхуэдэ махуэщхуэхэм студентхэр зэкъуегъэуацІ, зэныбжьэгъу зэхуэщІ. Сынывохьуэхьу гурыфІыгъуэ ин зыпылъ махуэ льапІэмкІэ, екъулІэныгъэшхуэхэр фиЗнуи си гуапэщ.

Утыкур ягъэдэхащ университетым щІэс узрэджыІакІуэ, кьэфакІуэ ныбжьыщІэхэм.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Налшык Сурэтыщ Іуэхэджэмкіэ дэт музейм кьыщыІэзІуахащ гъэлъэгъуэныгъэ гъэщІэгъуэн. Ар теухуащ ижь-ижьыж льандэрэ бгырысхэм кьадекІуэкІ Іэщіагьэм - упщІэ гъэпцІэным, ар иджырей щалэгъуалэм кьызэрагъэщІэрэщІэжьым.

- СЭ СЫЗЭРЕПЛЪЫМКІЭ, упщІэр уиэ хьэпшып кьудейм кьыщымынэу, гу/зэ/ржэм и зы Іыхьэщ, - жиІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Фырэ Руслан** гъэлъэгъуэныгъэр кьыщызэІуахым. - Пщащхэм я Іэдакъэщ Іэщіэхэм яхэслъэгъащ гур зыхьэху, псэм дахагъэ кьыщызыгъэуш е ар зыгъэпІейтей тепльэгъуэгу. Дяпэ итахэм игъащІэ льандэрэ кьадэгъуэгурыкІуэ Іэщіагъэ дахэр кьэгъэщІэрэщІэжьым, пльэкьым и пашхэ щІэщыгъуэу илъхьэжьныр зи гуращэу гъэлъэгъуэныгъэр кьызэзыгъэпэщахэм фІыщІэ яхуэощ.

- Мы Іуэху дахэр зи жэрдэм, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, «Жан» цІыхубэ жылагьуэ зэгухьэныгъэм и пашэ **Кьанькъ уэ Заринэ** зэІущІэм кьрихьэлІахэм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ, зи Іэдакъэщ Іэкіэр утыку кьызыхьа ныбжьыщІэхэр кьызэхуэсахэм яригъэщІыхуэщ.

Выставкэм зи лэжьыгъэхэр щызыгъэпсэгъуахэм ящыщщ **Щокьарэ Дианэ**. Ар зыхуеджар ювелир Іэщіагъэщ, ауэ упщІэ щІынри зыпищІ щызІэкьым. Хьыджэбзым зэрыжиІэмкІэ, ар зи фІыщІэр и анэшхуэ Иуан Фенящ.

Тхьэжьмащ Іэ Ланэ дизайнымкІэ колледжым и егъэджакІуэщ. **Бекъул Лаурэ** упщІэ гъэпцІэным езыгъэсар ильэси 102-кІэ псэуа и анэшхуэ Бекъул Таулэщ. ДизайнымкІэ колледжым щыщІэтІысхьэм щыгъуэ **Елей Милан э** игутъэхатэкъым упщІэ щІынм зритыну. Ауэ и ныбжьэгъу пщащхэу Дианэрэ Лаурэрэ я Іэрыщі дахэр щилъагъум, дихьэхащ. Иджы Миланэ и мурадщ абы теухуауэ сабийхэм папщІэ мультфильм трихыну. Упщ Іэ эрращым, ар кьыззэрагъэсэбэлым теухуауэ дипломэ лэжьыгъэ итхауэ щытащ **Мокаевэ Динэ**, кьищынэмыщІауэ Къэзанокъуэ Жэбагъы и цІэр зезыхьэ еджапІэми Дизайнымкіэ колледжми а Іэщіагъэм щыхуригъаджэу пІалъэкІэ щыгъэжьащ. Динэ зэрыхьа унагъуэми упщІэ щІынир кьадокІуэкІ - и гуащэри и щхьэгъусэри а Іэщіагъэм хуэІэижьщІ икІи Динри я гуапэу ящІадыгъ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и суРэттех**Кьарей Элинэ** дихьэхащ а Іэрыщі дахэм, упщІэ зэрагьапцІэм триха суРэтхэмкІэ кьызэригъэпэщащ пІланэпэ гъэлъэгъуэныгъэм щыхуахащ. Элинэ и суРэтхэмкІэ зэкІэлъыхьауэ кьиГъэлъэгъуащ упщІэ зэрращ щІыкІэри абы хэлъ щхьэхуэныгъэхэри.

Сурэтхэр **ЕЛЪКЪЭН Артур** *трихащ.*

● Гъуэзджэ

Гъэлъэгъуэныгъэр министр Фырэ Руслан кьызІуех.

Ди нэхъыжьхэм къадэгъуэгурыкІуэу щыта Іэрыщі дахэ

ЗэІущІэм зыкъригъэхьэлат КъБР-м и Щэнхабзэмкіэ и фондым и унафэщІ **Вэрокъуэ Владимир.** Абы игу кьиГъэкІыжащ упщІэм кьыхэщІыкІа хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэр нэхьапэм куэду зэрахьэу зэрыщытар. Апхуэдэу абы кьыхихгъэщащ ныбжьыщІэхэм я лэжьыгъэхэр Щэнхабзэмкіэ фондым щагъэлъэгъуэну, щащэну зэрыригъэблагъэр. УпщІэ щІыкІэм текуха фильм трихыну, апхуэдэ щІыкІэкІэ щІалэгъуалэм ядэлэпкъуэну зэримурадыр жиІащ Вэрокъуэм.

- Адыгэхэм мэл куэду зэрызэрахуэм кьыхэкІыу , цыкІэ бейт - жиІащ «Адыгэ унэ» тыкуэн-музейм и унафэщІ, «Пэрыт» жьлагьуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **ІутІыж Мэжид.** Цы зиІэм, цыхэкІ ящІри, упщІэ ну эду яГьапІэрт, Іуданэ кьыхахырт, щхькІыу зэІущІэрт. КІэщІу жьпІэмэ, унэм щІэль хьэпшыпхэм я нэхьыбэр кьызыхащІыкІыр цымрэ упщІэмрэт. Сыщысабийм слъэгъуауэ сощІэж ди нэхьыжьхэм упщІэ ящІу, лъэпкъ пупсысэкІэм кьыхаха тхьипхъэщІыпхъэкІэ яГъэдахэу зэрыщытар. Нобэ утыку кьрахьа упщІэхэр иджырей зэманым екІуу зэращІами гу лыдотэ.

Я нэгу щІэкІым теухуауэ зэІущІэм кьыщыпсэльащ Дизайнымкіэ колледжым и упрафэщІ **Кожуховская Светланэ** суРэтыщІ **Аккизовэ Ямарэ** сымэ, нэгъуэщІкэри.

ТАБЫЩ Динарэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Фыщіэ

Зи Іэщіагъэм хуэІэижьхэр

Налшык дэт къалэ сымаджэщым и гинекологие къудамэ № 1-м и докутыр хэу Тхьэкъуахъуэ Фатімэрэ Къунащ Генерэ фІыщІэ яхуещІ (Іэскэн Етіуанэ къуажэм щыщ Бишорт Маритэ.

СИ УЗЫНШАГЪР зэтезыгъэзувэжа бзылъхугъэхэм я лэжьыгъэмкІэ екъулІэныгъэ яІэну, насыпым щымыщІэу, гуфІэгъэуэ я кьуэду, дэрэжэгъуэр я Іэпэгъуу псэуну сохьэхьу.

● Спорт хъыбархэр

Афганистаным щызэуахэм я фэеплъу.

КЪЭБЭРДЕЙ- Балъкъэрым и цІэкІэ зэхьэзэхуэм щыбэна ди щІалИм щыщ Бабыгуей Олегрэ (кг 62-рэ) Бесльэней Мухьэмэдрэ (кг 70) дыщэ медалхэр кьахьащ. Ещанэ хьуащ ТІэщ Жамболэт (кг 60).

Ди щІалэхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ тренерхэу Ким Руслан, Уэщхьэн Башир сымэ.

Бгы-лыжэ

Къэралым и чемпионатыр ди деж щегъэкІуэкІыным зыхуагъэхьэзыр

УФ-м Бгы-лыжэ спортымрэ сноубордымкІэ и федерацэм и зэІущІэм иджыблагъэ щытепсэльыхьащ а спорт лІэужьыгъэмкІэ къэралым и чемпионату КъэбэрдейБалъкъэрым щекІуэкІынум.

ЗэІущІэм хэтащ Федерацэм и гъэзэщІакІуэ директор Король Сергей, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщім и япэ кьуэдзэ ТхьэзэпІыж Мурат, федерацэм и гъэзэщІакІуэ кьудамэм и пэжакІуэхэр.

ЗэІущІэм кьыщыпсэльахэм кьыхагъэщащ спортсменхэр кьызэрежэхьну льагъуэзэр кьызэрапщытар икІи зэхьэзэхуэм зыхуэгъэхьэзырыным гулъытэ нэхьыбэ хуэщІын зэрыхуейр.

ТхьэзэпІыжьым жиІащ чемпионатыр ди щІыпІэм щекІуэкІыным Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр икІи къэпщытакІуэхэм кьагъэпэгъуэ дагъуэхэр икІэщІыпІэкІэ ягъэзэкІуэжыну.

Король Сергей кьыхилъхьащ зэхьэзэхуэм зэрыхуэхьэзыр щІыкІэр иджырэ зэ мазаем и 8-м кьапщытэну.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Футбол

«Шахтер»-м токІуэ

Тырхум зыщызыгъасэ «Спартак-Налшык» иджыблагъэ ныбжьэгъуз зэІущІэ дригъэкІуэкІащ 2009 гъэм УЕФА-м и Кубокыр кьэзыхьа Донецк и «Шахтер»-м.

ЗэІущІэм и япэ Іыхьэр ди хьэрхуэрэгъуэхэр кьытткІуэу иухащ. Абыхэм «ядэІэпыкьуащ» ди гъуащхьэхьумэ Кисенков Владимир - ди гъуэм топ кьэдигъэкІыжащ Красножан Юрэ и гъэсэнхэр «Шахтер»-м и гъуэм куэдрэ екІуэлІэфакъым, ауэ зэІущІэм и иужьрей дакьикъэхэм дагъэкІащ ди щІалэхэм текІуэныгъэ кьахуэзэхьа топхэр - апэр Нигерием щыщ ГъуащхьэхъумэнкьуэУ Огунсото Патрик, абы кІэлъыкІуэу белорус гъуащхьауэ Концевой Артем сымэ.

Бокс

Япэ увыпІэу зы, ещанэу - тІу

Ипщэ Федеральнэ щІынальэм щыщ ныбжьыщІэхэм боксымкІэ я зэхьэзэхуэ Гроэнэм щекІуэкІащ. Абы хэтащ 1992 - 1993 гъэхэм къальхуа щІалэхэу щэм щІигъу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и щІыхьыр зыхъумахэм ящыщу япэ увыпІэр кьихьащ Жабоев Таулан (кг 91-м щІигъу). Ещанэ хьуахэщ Байзуллаев Кьуанчрэ (кг 54-рэ)Ногеров Муратрэ (кг 64-рэ).

Самбэ

Афганистаным щызэуахэр ягу къагъэкІыж

Армавир щекІуэкІащ самбэмкІэ ныбжьыщІэхэм я зэхьэзэхуэ. Спортсмен 300-м щІигъу зыхэта зэпеуэр къызэрагъэпэщат

● Дыгъуасэ

УсакІуэ, актер, уэрэджыІакІуэ Высоцкий Владимир

УсакІуэ гъуэзджэ, уэрэджыІакІуэ, актер, проэзэ тхыгъэ купщІафІэ зыбжанэ зи кьалэныпэм кьыщІэкІа, РСФСР-м щыхь зиІэ и артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Высоцкий Владимир псэужамэ, щІышыпэм и 25-м ильэс 72-рэ рикъунут.

АКТЕРЫР щыджэгуа фильмхэр 30-м щІегъу (апхуэдэхэщ, псальэм папщІэ, «Место встречи изменить нельзя», «Маленькие трагедии», «Короткие встречи», «Хозяин тайги», «Вертикаль» жыхуиІэхэр), Москва и Таганкэ уэрамым тет Драмэмрэ комедиемкІэ театрым щыщылажьэм спектакль куэдым хэтащ.

Псом хуэмыдэу Высоцкэр щэрыІуэ эщІар и уэрэдхэрщ. Цензурэр щыткІиа льэхъэнэм ар щхьэтечу тепсэлыхьырт зи гугъу пщІыу э а зэманым ямыдэ Іуэхугъуэхэми. Аращ абы и уэрэд куэдым, щІыхухэм щэхуу зэІепахьу фІэкІа, утыкуншхэ ягъэутыну щІыхуиІэмысар, езыр кьиину щІышытар. Сыт хуэхэ ІуэхухэмкІэ щхьэхуимытами, а зэманми иджыри Высоцкэм и цІэрыІуэгъэр кьыпхуэмылытэну инщ.

Высоцкий Владимир дунейм зэрехьжрэ мы гъэм ильэс 30 мэхъу. А зэманым кьрифыдэу актерым и творчествэм теухуауэ, и Іэдакъэщ Іэкіэхэр я льабжьэу фильм зыбжанэ трахащ. Нобэми ар щІыхухэм ягу ильщ. Абы и щІыхьэтщ Высоцкэр кьыщалъхуа махуэм ирихьэлІэу ди къэралым и кьалэ зэхуэмыдэхэм концертхэр, зэІущІэхэр зэрыщекІуэкІар. Псальэм папщІэ, Райкин Аркадий и цІэр зэрихьэу Санкт-Петербург дэт Эстрадэ театрым щекІуэкІащ концерт-спектакль. Абы кьрихьэлІахэм кьахьа удз гъэгъахэр Москва ирагъащэри, Высоцкэм и кьхащхьэм тралъхьащ. Москва дэт «В доме Высоцкого на Таганке» музейм кьыщызэІуахащ «УсакІуэм и гъащІэм щыщу зы ильэс» гъэлъэгъуэныгъэр.

ИСТЕПАН Залинэ.



● Іофышхэр

Бэчмырзэ и псалъэ пэжхэр

СЦЕНЭМ фІэльщ ПащІэ Бэчмырзэ и сурэтышхуэ, абы и лъабжьэм усакІуэ щэджащэм и псальэ щэрыуэхэм укъыщодэх: «Псальэр пэжмэ, псэуэ дэни пхокІ». Зы льэныкьуэкІэ кьыщыщІ адыгэ жьэгу, Іэнэ лъакъуищ, щэнтжьей, гуэгуэн, адыгэ усыгъэм и хъуГуэфІыгъуэу кьалытэ ІэдакъэщІэкІэр кьызыдахьжа ПащІэм и «дыщэ пхъуантэр». НэгъуэщІ лъэныкьуэкІэ щагъэльагъуэ Бэчмырзэ теухуа тхьылъэр, докладэр, газетхэм лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм кьытехуа хьыбархэр. ПроекторымкІэ КъБР-м и гъэлъэгъуэ еджакІуэ цІыкІуэхэм ПащІэ Бэчмырзэ и музейуэ Нартан къуажэм дэтым щрагъэкІуэкІа лжьыгъэхэр. Нэрылъагъу псори нэхъри белджылы пщиищІу бжьамий макъыр къоГу.

Апхуэдэу дахэу кьыщызэрахуэм Налшык дэт 17-нэ курыт школым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Екъутэныдж Светланэ и жэрдэмкІэ абы кьыщызэрагъэпэща пшыхьэр, адыгэ литературэмрэ щэнхабзэмрэ хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа ПащІэ Бэчмырзэ кьызэралъхурэ ильэси 155-рэ зэрырикъум тraуХуар. Кьыхэгъэщыпхъэщ мы егъэджакІуэ щыпкъэм и гъэсэнхэр анэдэлъхубзэм теухуауэ ирагъэкІуэкІ республикэпсо зэхьэзэхуэхэм, махуэшхуэ зэІущІэхэм жьыдэжу зэрыхэтыр икІи утыку ирахъэ дэжьыгъэхэм сыт щыгъуи гупылъту хэха кьызэрыхуащІыр.

ПащІэ Бэчмырзэ теухуа пшыхьэр кьызэІуахащ бнэ, 7-нэ классэм щеджэхэу Кьармокъуэ Расиятэр Щоджэн Уэсмэнэр. Ахэр гъхуауэ тепсэлъыхьхьащ ди цІыхубэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным псэемыблэжу хуэлэжьахэу Нэгумэ Шорэ, ХьэтІохьущокьуэ Къазий, адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа ПащІэ Бэчмырзэ сымэ я гъащІэмрэ абыхэм я Іэдакъэщ Іэкіэхэмрэ, апхуэдэу еджакІуэхэр кьеджащ Бэчмырзэ и усэхэм.

Пшыхьым кьеКІуэлІахэр яфІэгъэщІэгъэуну едэІуащ революцІуэ щы зи нэгу щІэкІа, пэжым, хуитныгъэм щІэбэныныр натІэ зыхуэхъуа усакІуэм теухуауэ щІыхубэм нобэм къэс зэІпах хъыбархэм, абыхэм кьытращІыкІа тепльэгъуэхэми епльащ. Пшыхьым купщІэ хуэхъуа Іуэхугъуэхэм ящыщт щІэблэр гъащІэм хуэзыущий, акьылыпхуэ зыхэль Бэчмырзэ и «Псальэ пэжхэр». ПащІэ Бэчмырзэ и гъащІэр, и дуней епльыкІэр, и Іэдакъэщ Іэкі гъуэзджэхэр лъэныкьуэ куэдкІэ кьыщагъэлъэгъуа пшыхьым кІэуХ хуащІащ зэкъуетыныгъэм, мамырыгъэм сыт щыгъуи щІэбэныным щІэблэр кьыхуриджэу усакІуэм зэхилъхьа «Хъуэхъур». 3 - 11-нэ классэм щеджэ щІыкІуэхэр зыхэта пшыхьым наГуэ кьыщыгъэльэгъуа хьуащ ди льэныкъым и кьэжІуэнум гъэзгу дахэ хуХэзыша ПащІэ Бэчмырзэ и творчествэр сыт хуэдэ лъэхъэнэми гъаазэ зэрыхуэхъур.

ЛЪОСТЭН Муэ.

Зэхьэзэхуэм кърикІуахэр

Адрей Іуэхущ Іапі Іэхэми хуэдэу, КъБР-м МафІэсэм пащІэтыныкІэ и къэрал къудыкъум илъэс лъэныгъэм кърикІуахэр зэхилъхьажащ, 2010 гъэм япэ иГъащІыпхъэ кьалэнэр ирубзыхуащ.

КЪЭРАЛ статистикэм кьызэрагъэлъэгъуащ, 2009 гъэм республикэм мафІэс 650-рэ кьыщыхъуати (2008 гъэм - 795-рэ), мылъку хэщІыныгъэу сом мелуан 28-рэ мин 430-рэ кьиишащ. А мафІэсхэм цІыхуи 9 хэкІуэдащ, 55-м фэжь щагъуэтащ. 2008 гъэм еплъытмэ, мафІэсу кьэхъур процент 18,3-кІэ, хэщІыныгъэу кърикІуэр процент 1,4-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Абыхэм хэкІуадэр процент 55-кІэ, и лей зытехьэхэр процентэ 3,5-кІэ ехащ.

ЦІыхуих зыхэкІуэда мафІэсхэр тутын щефэм зэрымысакъым кърикІуащ, иджыри тІум я гъащІэр зыхьа льгъэри мысакъыныгъэрщ кьэзышащ. Кьагъэсэбэп газыр кьызэрыуам кьиша мафІэсым зы цІыху хэкІуэдащ. Адрей ильэсхэми хуэдэу, мафІэсхэм я нэхъыбэр кьыщыхъуар псэупІэхэрщ. Абыхэм ящыщу 275-р (процент 84,6-р) зыхуэзэр щхьэзакъуэ уней льапсэхэрщ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, псори зэхэту 2009 гъэм кьэхъуа насыпыншагъэхэр нэхъыбэу кърикІуащ мафІэр кьыщагъэсэбэпым зэрымысакъам, электроІэмэпсымэхэр, транспортыр, зыкъуэр щагъэувымрэ кьыщагъэсэбэпрэ хабзэр кьызэрызэпаудам, ящІэу 55-рэ мафІэ щІадзащ.

Ильэсым кьриубыдэу КъБР-м и ГПС-м и къудамэхэм я мафІэсгъэнкІыфІхэм цІыху 1285-рэ, сом мелард 400 и уасэ мылъку кьрагъэлащ.

МафІэсым пэщІэтынымкІэ кьэрал Іуэхущ Іапі Іэм и лэжьакІуэхэм я деж щригъэкІуэкІа зэхьэзэхуэхэм кьрикІуахэри кьапщытэжащ. И Іэщ Іагъэкіэ нэхъыфІу кьалъытащ пльыр Іэнатіэм и унафэщІ Кьаныкьуэ Родион (мафІэсгъэнкІыфІхэм часть №4, Анзорей кьуажэ), мафІэсгъэнкІыфІхэм ящыщу Мэжджыхь Заурбий нэхъ Іэкіуэльакіуэщ (ПЧ-15, Зеикъуэ), кьудамэм и унафэщІхэм я деж щекІуэкІа зэпеуэм щыгъуэ ПащІэ Бэчмырзэ и творчествэр сыт хуэдэ лъэхъэнэми гъаазэ зэрыхуэхъур.

СЭБАН Арсен.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖъэкІэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжь Таисэ, Хьэжыкьаерэ Алик.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІыкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ льэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; цІыхубэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ пщысмохэмкІэ - 42-22-88; екъуджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі Іэм - 42-26-41; сурэтехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщІэта Іуэхугъуэхэм я пжагьымкІэ ахэр зытехьэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуу зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ зеыдзахэм яхуэхьыныр и щІр дэтыщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щрыкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

1905 гъэм щыІа РеволюцІэм и цІэр зезыхь Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкІ Соня, редактору Уэрдокъуэ Женя, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(2,3-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Юрэ** *(1,4-нэ нап.),* **корректорхэм я дэІпыкьуегъу Иуан Заирэ.** *КомпьютеркІэ сурэтыр зэтеІэр щІащ* **Дол Маринэ, ГъучІэлІ Рае, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтыщІ* **Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щыгъэзащІ сыхьэт 21.00-рэ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.125 ● Заказ №153